

Aranjman Sèvis pou Entegrasyon Ankò
a ka ede w ranpli kondisyon epi jwenn
lòt sèvis ak sipò, tankou:

TRAVAY



CRTF yo ka ede w fè CV, devlope
konpetans pou w pase entèvyou, jwenn
ankadreman pou travay epi jwenn yon
travay tan pasyèl oswa tan plen.

LOJMAN



CRTF ede moun jwenn lojman pandan y
ap fè chanjman an, lojman tanporè oswa
pèmanan.

PWOGRAM KONPÒTMAN POU KAPASITE REFLEKSYON



CRTF yo ka fòme anplwaye yo pou yo
bay pwogram sa yo, ki fèt pou ede w chanje
ide negatif epi diminye chans pou w fè yon
lòt krim.

TRETMAN POU ABI NAN DWÒG



CRTF yo travay ak founisè k ap bay sèvis
pou abi nan alkòl ak nan dwòg yo ki ka
ede w jwenn tretman w bezwen.

EDIKASYON/FÒMASYON



CRTF yo ka mete w nan pwogram ki
koresponn ak lekòl segondè, edikasyon
pou moun ki majè, fòmasyon pwofesyonèl
oswa kou preparasyon pou fakilte



Division of Criminal
Justice Services
County Re-Entry Task Forces

Freddy te retounen lakay li apre li te pase
24 ane nan prizon eta a. Li bay sipò ak sèvis
li te resevwa atravè Pwogram Entegrasyon
Moun Ankò nan Rejyon an nan kominote
I la pou fè tranzisyon sa a reyisi.

**Kidonk, pou nenpòt moun
ki mande si Pwogram Entegrasyon
Moun Ankò a ede toutbon? Wi.
Li fondamantalman sove lavi m
e pou sa a, m ap toujou rekonesan.**

— FREDDY

CRTF nan kominote w la ka ede w:

JWENN

yon travay ak/yon kote pou
w abite

RESEVWA

yon pyès idantite ki pa pou
chofè

REKONEKTE

ak fanmi w ak kominote a

AKSÈ

ak sèvis pou ankouraje pwogrè
w ak konpòtman ki pozitif



Division of Criminal
Justice Services
County Re-Entry Task Forces

RESOUS POU EDE W JWENN:



TRAVAY



KAY



I.D.

AK LÒT BAGAY POU EDE W REKONEKTE AK KÒMINOTE W LA

FASON POU W KÒMANSE

Kontakte Responsab pou Reyadaptasyon Delenkan w lan oswa Ofisye Libète Kondisyonèl yo te bay dosye a.

Si w p ap sou siveyans sou kondisyon lè yo lage w OSWA ou pa sou siveyans sou kondisyon, ou ka rele CRTF ki nan kominote w la tousuit pou w jwenn èd

ENFÒMASYON SOU PWOGRAM ENTEGRASYON MOUN ANKÒ (CRTFS)

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon an (County Re-Entry Task Forces, CRTF) nan Vil Nouyòk ak nan rejyon ki nan nò eta a epi yo la pou ede moun k ap retounen nan kominote yo lè eta a fin lage yo nan prizon.

De ajans eta a - Depatman Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services, DCJS) ak Depatman Sèvis Sanksyon ak Sipèvizyon Kominote a (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) - travay ansanm pou yo sipòte CRTF yo.

Chak CRTF travay ak DCJS, DOCCS, ajans nan rejyon an ak kominote a, ak founisè k ap bay moun sèvis yo pou ede moun ki kalifye yo jwenn pwogram ak sèvis ki reponn ak bezwen yo lè yo retounen nan kominote a

Patisipan yo gen ladan yo moun yo refere bay CRTF ki soti nan NYS DOCCS swa anvan yo libere yo oswa apre yo libere yo, moun ki te libere nan prizon eta nan dat ekspirasyon maksimòm yo, ansanm ak moun ki te anba sipèvizyon kominote a anvan. Patisipan ki kalifye yo gen ladan yo tou moun ki angaje nan pwosesis revokasyon (vyolasyon) an pandan yo anba sipèvizyon kominote a. Moun k ap sèvi kounye a yon pwobasyon federal oswa rejyon an pa kalifye pou sèvis CRTF yo.

PWOGRAM ENTEGRASYON MOUN ANKÒ

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Albany
C/O Depatman Sante Mantal
260 South Pearl St., Albany, NY 12202
(518) 447-2003

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Bronx
C/O The Fortune Society
502 East 163rd St., Bronx, NY 10451
(347) 477-2040

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Broome
C/O Sant pou Adiksyon nan rejyon Broome
30 West State St., 2nd Fl.
Binghamton, NY 13901
(607) 743-1790

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Dutchess
C/O Exodus Transitional Community, Inc.
97-99 Cannon St., Poughkeepsie, NY 12601
(845) 452-7620

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Erie
C/O Spectrum Human Services
2040 Seneca St., Buffalo, NY 14210
(716) 385-2724

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Kings
C/O Biwo Pwokirè Distri a
345 Adams St., 7th Fl., Brooklyn, NY 11201
(718) 250-3282

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Monroe
C/O Delphi Rise
72 Hinckley Rd., Rochester, NY 14624
(585) 467-2230

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Nassau
C/O Enstiti Fòmasyon Lidèchip
50 Clinton St., Suite 607, Hempstead, NY 11550
(516) 483-3400

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon New York
C/O The Fortune Society
625 West 140th St., New York, NY 10031
(646) 937-5318

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Niagara
C/O Misyon Kominotè
1570 Buffalo Ave., Niagara Falls, NY 14303
(716) 285-3403, ekst. 2278

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Oneida
C/O Komisyon Konsèy Envestisman Mendèv
209 Elizabeth St., 2nd Fl., Utica, NY 13501
(315) 207-6951, ekst. 146

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Onondaga
C/O Depatman Sèvis Sosyal-Sekirite Ekonomik
421 Montgomery St., 12th Fl., Syracuse, NY 13202
(315) 435-2985, ekst. 7153

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Orange
C/O RECAP, Inc.
201 Broadway, Newburgh, NY 12550
(845) 568-3445

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Queens
C/O The Fortune Society
29-76 Northern Blvd., Long Island City, NY 11101
212-691-7554

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Rensselaer
C/O Biwo Pwokirè Distri a
80 Second St., Troy, NY 12180
(518) 270-4002

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Rockland
C/O BRIDGES
2290 Palisades Center Dr., West Nyack, NY 10994
(845) 624-1366, ekst. 136

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Schenectady
C/O Sant pou Jistis Kominotè
144 Barrett St., Schenectady, NY 12305
(518) 346-1281

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Suffolk
C/O Depatman Kontwòl Lajistis
Box 188, Yaphank, NY 11980
(631) 432-4432

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Ulster
C/O Family of Woodstock, Inc.
31 Albany Ave., Kingston, NY 12401
(845) 331-7080

Pwogram Entegrasyon Moun Ankò nan Rejyon Westchester
C/O Family Services of Westchester (FSW)
20 South Broadway, 3rd Fl., Yonkers, NY 10701
(914) 619-0405